

Bon Jan Lide ki Sòti nan Lanati

Otè: Adrienne Mason

Kesyon esansyèl: Dekri kòman yon bagay nan lanati kapab ede n envante yon lòt bagay.

Obsève lanati bay moun lide pou envante anpil bagay. George de Mestral, te jwenn yon bèl lide nan lanati. Pandan li t ap pwomennen ak chen li, te gen yon pakèt ti pikan tou plat kite tache sou pantalon li ak sou chen li an. Li etidye ti pikan plat sa yo pou l te kapab konprann kisa k te fè yo kole sou pantalon li ak sou plim chen an. Se konsa li te **imite** lide sa pou l te kapab **envante** yon bouk espesyal.

Plis pase san tan, te gen de frè Wright yo: Orville ak Wilbur. Yo t ap **imajine** kòman pou kreye yon objè ki te kapab vole. Konsa yo te obsève zwazo. Yo te gade **zèl** zwazo yo lè y ap vole pou yo te kapab gen lide pou envante avyon. Frè Wright yo envante yon premye avyon nan lane 1903.



Pa gen lontan, **envantè** te fè lide pou envante oto ki pa gaspiye anpil gaz. Yo obsève pwason ki rele boxfish la. Yo deside kreye yon machin ki gen menm fòm ak yon boxfish. Menm jan pwason an dòmi nan dlo a san l pa gaspiye enèji; se konsa tou machin ki gen menm fòm nan konsève enèji tou.



Gen envantè ki kopye sou nich tèmit pou yo fè kay ki kenbe **frechè**

